

SEKSON II

PWOTEKSYON TÈ A

Atik 62 – Ewozyon se tout twou ki fèt nan tè an akoz dlo k ap desann lè lapli fin tonbe oubyen lè van pote ale anpil kantite tè ansanm.

Atik 63 – Okenn moun pa gen dwa pou yo koupe pye bwa oubyen sèkle yon tè ki nan pant pou plis ke 30 degré nan zòn arid yo, pou plis ke 40 degré nan zòn ki a demi arid yo epi pou plis ke 50 degré nan zòn plivyez yo.

Atik 64 – Yo ap ka di yon tèren arid se lè sèlman 750 milimèt lapli ki tonbe pou yon ane nan zòn oubyen lokalite kote tèren an ye an. Yon tèren ki semi arid se lè kantite lapli ki tonbe nan zòn sa nan mitan 750 milimèt avèk 1350 milimèt pou yon ane. Yon zòn plivyez se yon zòn kote se 1350 milimèt lapli oubyen plis ki tonbe pa ane.

Mwayèn sa yo ap kalkile sou estatistik ki la depi 10 lane youn suiv lòt.

Si estatistik sa y opa disponib jan sa mande an, klasifikasyon zòn sa yo ap fèt selon estatistik ki disponib yo avèk jan vejetasyon an ye nan zòn nan.

Atik 65 – Yo ap ka otorize yo sèkle tè ki nan pant limit yo plis ke sa ki di nan atik 63 sèlman pou travay defans nasyonal oubyen travay k ap itil peyi an.

Atik 66 – Tout tèren ki gen pant 30 degré nan zòn arid, 40 degré nan zòn semi arid epi 50 degré nan zòn plivyez ki te gentan sèkle avan yo pibliye kòd sa a ap gen yon ti tan pou yo replante pye bwa yo oubyen plante zèb fourajè menm si yo te gentan plante lòt bagay sou li. Se ajan depatman agrikilti ki kalifye pou sa k ap ba yo tan sa oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pu sa.

Atik 67 – Si se pye bwa ki pote fwi tankou pye kafe oubyen tout lòt pye bwa ki pote fwi ki ka pwoteje tè an byen ki plante nan ka sèklaj atik 66 lan prevwa a, eksplwatan ap sèlman fè travay pwoteksyon epi li ap bay yon ajan depatman agrikilti an li oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa.

Atik 68 – Kilti pèmanan ki genyen ladan 1 pye kafe, pye kakawo, pye bwa ki bay fwi ak tout lòt sa depatman agrikilti an oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa bay pou kiltive kapab fèt sou tè ki nan pant, kote pant lan pi pitit pase 30 degré pou zòn arid yo, 40 degré pou zòn semi arid yo epi 50 dege pou zòn plivyez yo. Genyen kèk travay pwoteksyon pou tè an ki ap ka fèt lè sa nesesè, yo dwe fèt sou lòd depatman agrikilti an.

Atik 69 – Kilti sezonye yo, anyèl yo ak sa ki semi pèmanan yo tankou bannann, pwa kongo, sizal entèdi sou tè ki gen pant ki plis pase 25 degré nan zòn plivyez yo. Yo

kapab fèt sèlman sou lòd espesyal depatman agrikilti an oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa. Yo kapab fèt san otorizasyon nan zòn sa si pant lan pi piti pase limit lan, pou sa fèt tou travay pwoteksyon tè an dwe fèt tankou tèras, mi sèk ak kanal retansyon lè pant tè an plis ke 10 degré. Travay pwoteksyon yo p ap nesesè pou plant legimine fourajè yo ak zèb fourajè yo. Lè pant lan plis pase 15 degré yo dwe kontwole bêt ki nan patiraj nan kilti sa yo.

Atik 70 – Lè pant lan nan mitan 5 pou 10 degré travay pwoteksyon yo pa nesesè. Men lè sa nesesè depatman agrikilti oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa kapab egzije pou kilti yo altène avèk band legimine fourajè yo oubyen zèb fourajè yo selon koub nivo yo.

Atik 71 – Nan tout sa atik 67,68 ak 69 yo prevwa plat band ak ranje yo dwe suiv koub nivo yo. Lè y ap laboure tè an ak lè y ap kiltive ak machin mekanik yo dwe suiv koub nivo yo tou.

Atik 72 – Bwa nèf yo entèdi menm jan boule zèb pandan vakans yo entèdi tou. Y ap rasanble yon kote sou tè an epi boule tout branch ak ramo yo koupe pandan y ap sèkle an. Men ti fèy ak ti branch kout fin yo avèk zèb savann yo ap ka sèvi pou fè konpòs, yo p ap ka sèvi si yo malad oubyen si ensèk te atake yo oubyen si yo boule tout sou lòd yon ajan depatman agrikilti an oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa.

Atik 73 – Yo pa gen dwa boule move zèb, pay ak dechè rekòt yo ki dwe sèvi pou prepare konpòs, yo ap ka boule yo sèlman nan ka maldi oubyen si ensèk te atake yo.

Move zèb yo pay yo ak dechè rekòt yo prale nan yon twou oubyen sou yon platfòm ki la pou sa pou yo prepare konpòs lan.

Atik 74 – Nan tout eksplwatasyon riral ki gen youn oubyen plizyè bêt nan etab lan, yo dwe pran twalèt bêt sa yo pou yo ka prepare fimye.

Plat bann ak twou pou fimye yo dwe konstwi an beton, yo dwe mete yo 30 mèt pou pitit de yon kay kote moun rete, fòk li nan yon nivo enferyè avèk sous yo epi pi yo. Yo dwe fèl nan yon fason pou pipi bêt yo ak dlo yo lave etab lan al tonbe ladan l.

Atik 75 – Li entèdi pou yo kite tè ki kiltivab ki nan pant yo san kilti. Tè kiltivab ki kiltive yo dwe plante plant ki enrichi tè an pito tankou plant legimine ak zèb fourajè yo.

Pwopriyetè, fèmye oubyen moun ki gen tè ki bò dlo dwe plante banbou ladan l oubyen tout lòt plant ki bon pou kote sa yo, sou yon lajè 5 a 15 mèt selon enpòtans dlo k ap koule an, soti nan pant flèv lan rivyè an oubyen sous la.

Plantasyon sa dwe fèt sou tout de bò dlo yo.

Atik 77 – Lè lajè tè ki bò dlo an pi piti pase 15 mèt lan, pwopriyetè an oubyen fèmye an oubyen moun ki gent è a kote an dwe kontinye plantasyon an jiskaske 1 rive nan 15 mèt lan.

Atik 78 – Se sèlman pye bwa ki bay fwi oubyen pye bwa ou jwenn nan forè yo yo dwe plante bò kote banbou yo.

Atik 79 – Li entèdi pou yo koupe pye bwa nan pant vale yo, bò ravin yo, falèz yo ak alentou espas sa yo nan yon ... Kilti anyèl ak sa ki semi pèmanan yo entèdi la tou. Espas sa yo si yo te koupe pye bwa ladan yo, yo dwe replante espas sa yo nan yon tan ajan depatman agrikilti oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa, ap bay pwopriyetè, fèmye oubyen moun ki rete sou tè sa.

Atik 80 – Pwopriyetè tè ak moun ki abite sou tè ki nan savann yo gen obligasyon pou yo plante briz van sou 3 ranje nan chak kilomèt an liy pèpandikilè nan direksyon gwo van yo ap soti, sa dwe fèt nan kolaborasyon avèk depatman agrikilti an oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa.

CHAPIT II

KOPERATIV AGRIKÒL

Atik 81 – Nan chak seksyon riral yo, konsèy administrasyon an dwe favorise fòmasyon koperativ agrikòl. Koperativ sa yo kapab:

- 1) Pou pwodiksyon ak transfòmasyon.
- 2) Epay oubyen kredi agrikòl ak aktizanal.
- 3) Pou achte oubyen vann.
- 4) Pou pèch oubyen pisikilti.
- 5) Pou tanspò ak pou komunikasyon.
- 6) Oubyen lòt sèvis

Lis sa a pa gen limit.

Atik 82 – Koperativ agrikòl ki fèt Nan règ yo, ap benefisyé, èd teknik, asistans finansye leta avèk kèk privilèj tankou :

- 1) Priyorite pou yo anfèmen yon tè leta ki pa gen okipan.
- 2) Yo gen kredi nan men enstitisyon leta oubyen nan komin nan.
- 3) Yo pa peye enpo sou revni.

LOI IV

SOU ELVAJ

Atik 83 – Yon moun ki gade bêt se yon moun ki posede plizyè bêt, gwo betay ti batay avèk bêt volay, li ba yo manje epi ba yo swen nan espas espesyal pou sa, li genyen yo pou yo ka fè pitit, aktivite sa se pi prensipal aktivite moun sa.

KLOTI YO

Atik 84 – Elvaj lib lan aboli sou tout teritwa republik lan. Tout patiraj dwe gen kloti, kloti patiraj yo ap fèt avèk

Atik 85 – Li entèdi pou yo pran bwa ki presye tankou bwa chèn, bwa akajou, bwa sèd elatriye pou mete fil babele pou kloti yo oubyen pou fè kloti ak yo.

Plant yo itilize pou fè kloti yo ou byen kandelab yo dwe gen 0.75 mèt kòm gwosè. Kloti an pa dwe pi wo ke de mèt ni pi pitit ke yon mèt senkant. Y ap kenbe kloti yo lib pou okenn plant parasit oubyen lyann sovaj pa monte sou li.

Atik 86 – Pou koupe bwa pou w fè kloti an, ajan depatman agrikilti an oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa dwe bay otorizasyon pou sa fèt.

Atik 87 – Li entèdi pou yo fè elvaj gwo beta yak ti betay nan limit vil yo oubyen nan limit bouk yo.

Atik 88 – Li entèdi tou pou yo lage bêt yo lib ap pwomennen nan vil yo, bouk yo, savann yo, wout yo, zòn rezève yo, nan forè yo oubyen pou gade bêt yo sou kote wout yo, chimen santye oubyen chimen fè yo.

Atik 89 – Men depi se moun ki gen gwo betay yo ka mare yo sou yon tè yo abandone zèb leve sou li oubyen sou yon tè ki la pou fè kilti.

Atik 90 – Nan ka sa, yo pap ka itilize ni ti pye bwa oubyen pye bwa kiltive, men y ap pran yon pikèt ki byen antre nan tè an pou fè sa.

PWOFILAKSI AK ABATWA

Atik 91 – Tout bêt yo sisplèk oubyen ki gen yon maladi kontaje p ap rete nan mitan twoupo an. Elvè an oubyen eksplwatan dwe di yon reprezantan depatman agrikilti an

oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa sa 1 panse si 1 pa jwenn yon ajan polis riral.

Atik 92 – Tout kadav bêt ki soti nan espès bovin ovin avine oubyen chevalin lanmò yo sispeèk ap boule nèt san yo pa koche yo. Nan ka y opa ka boule 1 y ap mete kadav lan nan yon twou ki fon pou 3 mèt e y ap kouvri 1 ak lacho epi tè.

Atik 93 – Pwosè vèbal k ap fèt pou si yo boule 1 oubyen antere 1 lan se yon ajan polis riral lan k ap ekri 1 oubyen yon reprezantan depatman agrikilti an oubyen yon ajan yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa, pandan ke aksyon boule kadav bêt lan oubyen antere 1 lan fèt devan 1.

Atik 94 – Vaksen kont maladi chabon oubyen kolera kochon yo oubyen tout lòt maladi dwe obligatwa. Se depatman agrikilti an k ap mete pou sa obligatwa nan tout zòn oubyen lokalite kote ka izole maladi an te prezante.

Atik 95 – Nan tout lokalite oubyen zòn vaksinasyon an obligatwa, koche bëf, mouton ak kochon dwe fèt nan abatwa vil yo ak bouk depatman agrilkilti an di pou sa fèt ounyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa. Yo dwe vann vyann bêt sa yo sèlman nan mache piblik oubyen nan lòt kote ki gen otorizasyon ki soti kote depatman ki gen kopetans pou fè sa.

Atik 96 – Depatman agrikilti ak depatnman enteryè kapab fè yon kominike soti pou mete nan karantèn tout lokalite oubyen zòn ki gen ka maladi epizoutik oubyen ke bêt yo ka bay moun, ki afecte bêt ki soti nan espès bovin ovin pòsin chevalin ak avin.

Atik 97 – Nan tout lokalite oubyen zòn yo mete an karantèn poutèt maladi chabon, transpò konsèvasyon ak vann po bêt ap fèt sou kontwòl yon ajan depatman agrikiliti an oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa.

Atik 98 – Tout bêt ki soti nan lòt peyi lè li rive Ayiti dwe pase yon egzamen ke yon reprezantan kalifye ki soti nan depatman agrikilti an oubyen nan yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa ap fè sou li. Bèt sa ap sibi tout kalite egzamen ki ka fè wè si 1 gen yon maladi epizoutik oubyen yon maladi li ka ba moun, si sa rive pi lwen yo ka menm mete bêt sa an karantèn.

Si yo dekovri ke bêt sa gen yon maladi epizoutik oubyen yon maladi li ka ba moun, y ap tiye 1 menm kote an epi boule 1 selon règ ki la pou sa fèt, se depatman agrikiliti an oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa k ap gen obligasyon pou li fè sa san yo pa dedomaje mèt bêt la.

Atik 99 – Chak fwa depatman agrikilti an oubyen tout lòt depatman ki gen konpetans pou sa deside fè resansman patikilye oubye jeneral de tout bêt ki genyen nan yon zòn

oubyen yon lokalite, elvè yo gadyen yo ak eksplwatan agrikòl yo dwe di epi prezante bay ajan depatman an tout bêt yo gen nan men yo nèt, si yo dwe montre ke bêt yo se pou yo, moun yo bay gade bêt sou kontra yo dwe di kiyès ki mèt bêt la epi di kibò mèt bêt lan rete. Bêt yo resanse yo y ap make yo kòm sa dwa.

Atik 100 – Reprezantan depatman agrikilti oubyen yon lòt depatman ki kalifye pou sa ka fè egzamen tibèkiloz oubyen egzamen pou gade si pa gen malady epizoutik oubyen malady yo k aba moun sou bêt ki soti nan espès bovin yo lè y ap fè resansman oubyen nenpòt lè gen yon okazyon pou sa.

Atik 101 – Li entèdi pou yo kòche tout femèl bêt ki gwo ak ti betay ki plenn pou manje.

Atik 102 – Depatman agrikilti ak enteryè kapab fikse pa kominike yon kantite vach ak jeniz yo dwe kòche nan tout peyi an.

ETANPAJ AK TRETMAN

Atik 103 – Tanpe bêt ki fè payi gwo betay yo ap fèt nan kou, 40 sentimèt bò zorèy bèy bêt la, tanpe bêt la se mete lèt nan nom mèt li sou li oubyen lòt lèt. Chak gress lèt pa dwe pi wo pase 8 sentimèt ni pi laj pase 5 sentimèt.

Atik 104 – Yo pa dwe kondwi oubyen pote yon bêt nan yon lòt seksyon, de yon vil a yon lòt vil oubyen de yon bouk a yon lòt bouk san li pa gen yon pèmi yon reprezantan depatman agrikilti an oubyen yon reprezantan ki gen konpetans pu sa ki soti nan administrasyon jeneral kontribisyon an oubyen yon polisye riral siyen.

Pèmi sa a ap gen ladan l non ak prenon mèt bêt la, komin, seksyon ak bitasyon kote li gen eksplwatasyon li an, kibò li soti ak ki kote li prale, kantite bêt l ap kondwi oubyen pote espès yo ak sèks yo, kategori yo etanp yo ak koulè yo.

Atik 105 – Li entèdi pou w blese oubyen kase pye bêt k ap travay yo, sa ki la pou pwodiksyon yo ak chen ki la pou siveye yo, li entèdi pou w maltrete yo tou.

Atik 106 – Li entèdi pou w fè bêt ki foule, sa ki gen gwo blese sa ki gen plè, femèl bêt ki plenn oubyen jèn bêt yo travay oubyen pote moun macandiz ak materyèl.

Atik 107 – Li entèdi pou w fè bêt k ap pote chay yo pote chay ki twò lou pou yo, ni pou w fè bêt chari y orale materyèl oubyen machin ki twò lou pou yo.

CHATRE AK REPWODIKSYON

Atik 108 – Yo dwe chatre tout towo etalon, bourik «baudet», mal cochon «verrat», mouton, kabrit ki dejenere, ki mal konfòme, ki defòme, oubyen sa yo rekonèt kip a dwe fè pitit.

Si elvè o ak eksplwatan yo pa konfòme yo ak atik sila, ajan kalfye depatman agrikilti yo oubyen ajan yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa ap ka mete atik sila an aplikasyon selon otorite yo genyen pou sa, men leta li menm dwe kapab asire sèvis repwodiksyon an.

Atik 109 – okenn sant repwodiksyon natirèl oubyen atifisyèl p ap ka fêt san otorizasyon depatman agrikilti an. Sauf si repwodiksyon k ap fêt nan sant sa yo se repwodiksyon espès diferan.

Atik 110 – Okenn san repwodiksyon p ap ka fêt si 1 pa ranpli kondisyon sa yo:

- 1) Fòk yo seleksyone repwodiktè yo, Yo dwe byen pwopòsyone epi konfòme, yo dwe an sante, yo pa dwe gen siy maladi ereditè, ni maladi enfeksyon ni sa ki kontajye, yo dwe gen laj pou sa.
- 2) Fòk gen yon etab, yo ekiri, yon pak kochon ki prezante kondisyon achitekti ak igyenik, yo dwe gen kapasite pou yo pran tout repwodikè yo.
- 3) Fòk gen anklo ki amenaje epi ekipe yon fason kip a adekwa pou facilite epi garanti monte an.
- 4) Fòk yo gen ase patiraj ki nan bon eta pou bét ki nan sant lan.

Atik 111 – Laj yo mande pou yo itilize repwodiktè ki nan sant repwodiksyon yo se :

- 1) Twa ane pou pi piti ak sèz ane pou pi plis pou cheval yo.
- 2) De ane pou pi piti ak katòz ane pou pi plis pou Bourik «âne» yo.
- 3) De ane pou pi piti ak sis ane pou pi plis pou towo yo.
- 4) Yon lane pou pi piti ak kat ane pou pi plis pou mal kochon ki pa chatre «vèra » ak mal mouton ki pa chatre «belye».
- 5) Uit mwa pou pi piti ak kat ane pou pi plis pou kabrit yo.

Limit ki pi piti yo valab tou pou repwodiktè elvè yo ak eksplwatan agrikòl yo. Tout bét ki se repwodiktè yo dwe vaksine, make epi imatrikile. Depatman agrikilti an oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa kapab pwolonje limit ki pi plis yo.

Atik 112 – Direktè sant elvaj yo dwe genyen yon rejis akoupleman pou chak repwodiktè ki nan sant lan. L ap ekri ladan 1 dat akoupleman, 1 ap dekri femèl lan 1 ap

mete etanp li ak mak li, laj li, non ak prenon mèt li, komin, seksyon ak abitasyon kote mèt li gen eksplwatasyon an. Yo ap bay mèt femèl lan yon kanè akoupleman ki fèt selon fòm depatman agrikilti an mande pou sa fèt oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa.

Atik 113 – Si sèvis repwodiktè yon sant repwodiksyon twò chè, depatman agrikilti oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa ap fikse yon pri maksimòm nan yon kominike kote y opa dwe depase pri ki fikse an sinon moun ki mete pri pa 1 lan pi wo pase sa ki fikse an ap resevwa yon pinisyon lalwa prevwa nan lwa nimewo XIX ki nan kòd sa a.

Atik 114 – Cheval ki gen pi piti pase senk lane yo pa dwe akouple plis ke twa fwa nan yon semen, sa ki gen senk lane ak pi plis yo ap ka akouple plis ke yon fwa nan yon jounen epi y ap gen yon jou repo chak semèn. Towo ki granmoun yo p ap ka akouple plis pase yon fwa nan yon jounen, mal kochon ki gen pi piti pase de lane yo p ap ka akouple plis pas yon fwa nan yon jounen, sa ki gen de lane ak pi plis yo ap ka akouple plis pase de fwa nan yon jounen. Se menm bagay lan pou femèl mouton yo...

Atik 115 – Li entèdi pou yo akouple jiman ki gen pi pitit pase twa lane, jèn vach ki gen pi piti pase de lane, femèl kochon, mouton ak kabrit ki gen pi piti pase sèt mwa.

Atik 116 – Li entèdi pou w akouple yon femèl ki pi wo pase repwodiktè an. Yo ka fè sa sèlman lè gen mezi ki pran pou konpanse wotè an.

Atik 117 – Li entèdi pu akouple femèl ki mal konfòme yo.

Atik 118 – Pwopriyetè oubyen direktè sant repwodiksyon yo ap bay ajan reprezantatif depatman agriltilt an oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa regis yo a sètifica jeneyalojik repwodiksyon yo fè yo premye fwa yo mande yo l.

DEVASTASYON CHAN YO AK KAPTI

Atik 119 – Sou resèv koutim bon vwazinay, tout eksplwatan yon tèren riral ki jwenn yon bète ki fèt ki fè pati de gwo oubyen jèn betay kip a pou li ap sezi bète sa epi 1 ap mande yon pou yon reprezantan kalifye depatman agrikilti oubyen yon lòt depatman ki gen konpetans pou sa pou 1 fè yon pwosè vèbal sou sa k pase an. Si li pa jwenn moun sa yo li ka mande yon ajan polis riral fè pwosè vèbal lan pou li, li ap fè ealye dega yo nan menm moman si youn pa:

Yo ka tire tout bêt ki fè pati jèn betay yo jwenn nan yon chan ki kiltive men y ap remèt mèt bêt lan kò bêt lan, mèt bêt lan dwe peye frè kapti bêt lan ak dega bêt lan fèn yo.

Atik 120 – Bêt yo kenbe vivan yo ap rete sou kont ajan an pou jiskaske mèt li vin reklame 1.

Atik 121 – Yo p ap remèt mèt bêt lan bêt lan si 1 pa peye valè kòb dega bêt lan fè yo avèk frè pou valè pou vale tan ajan an kenbe bêt lan pou li. Kòb sa yo fikse konsa:

Kòb pou kapti:

Dwa kapti nan vil ak bouk yo:

Vil premye klas:

Bèf: 10 goud – Cheval bourik ak milèt: goud – Kochon: 4 goud – Kabrit ak mouton : 2 goud – tout lòt bêt : 2 goud.

Vil dezyèm ak twazyèm klas :

Bèf : 5 goud – Cheval, Bourik ak milèt : 4 goud – Kochon : 3 goud – Kabrit ak mouton : 2 goud – tout lòt bêt 1 goud.

Vil katriyèm ak senkyèm klas :

Bèf : 3 goud – Cheval, Bourik ak milèt : 2 goud – Kochon : 1 goud – Kabrit ak mouton : 0.50 goud – Tout lòt bêt : 0.50 goud.

Dwa ak frè pou depo olye epav :

Dwa antre pou gadyen an : 0.50 goud

Dwa soti pou gadyen an : 0.50 goud

Frè pou siveye chak jou : 0.50 goud

Frè pou manje chak jou : 1.00 goud

Atik 122 – Si mèt bêt lan panse estimasyon eksplwatan fè an twò chè, oubyen si 1 ka montre eksplwatan fè fwod, li ap ka rele yon ajan oubyen agwonòm distri depatman agrikilti an, nan dènye resò se jij de pè konpetan an ki ap tranche litij lan.

Atik 123 – Se mèt bêt yo kenbe an ki ap peye frè konsta yo.

Atik 124 – Si mèt bêt yo kenbe an pa vin reklame bêt li an nan yon tan ki egal a uit jou fran, eksplwatan ki sibi dega yo ap ka vann bêt lan devan yon tribunal ki konpetan

pou sa. Jij de pè an lè li fin li pwosè vèbal la nap bay lòd pou vann bêt la, vant la nap pibliye avèk son klòch. Piblikasyon avèk son klòch lan ap fêt yon jou mache.

Lavant sa a ap fêt nan yon odyens tribunal lan devan pòt prensipal tribunal lan uit jou pou pi piti aprè piblikasyon avèk son klòch lan.

Atik 125 – Lè yo fin pran frèpou lavant lan avèk frè pou yo te gade bêt lan, valè kòb yo te evalye pou dega yo, se valè kòb sa yon uisye an ap bay eksplwatan ki te sibi dega yo, si gen balans y ap ba mèt bêt lan l, yo ap konvoke l sou lòd mou ki gen dwa fè sa, selon sa la lwa di sou kès depo yo ak konvokasyon yo.

Atik 126 – Mèt bêt lan ap ka anpeche yo vann bêt lan si l fè yon deklarasyon ba grefye an avan yo mete epi aprè yo mete bêt lan ozanchè avèk yon deklarasyon vèbal nan odyans vant lan. Tribunal la nap kanpe vant lan, mèt bêt la nap ka pran bêt li men fòk li peye pou dega bêt lan koze yo, frè pou yo kenbe bêt lan ak frè pou yo te gade bêt lan pou li avan li pran l. Si mèt bêt lan pa la y ap vann bêt lan. Mèt bêt lan p ap ka achte bêt li an avan sis mwa. Lè lè sa a rive li ap ka achte bêt lan nan men moun ki te achte l avan men fòk li bay moun nan kòb li te achte bêt lan ak tout lòt frè li te peye pou bêt lan. Si moun bêt lan te fè dega nan pwopriyete l lan pa vini nan odyans lan tribunal lan ap deside sou pwosè vèbal lan avèk sou sa mèt bêt lan di.

Atik 127 – Nan okenn ka ak pou okenn eskiz eksplwatan yo oubyen tout lòt moun ki gen yon bêt oubyen yo bay gade yon bêt p ap ka fè l fè okenn travay pandan se gade y ap gade bêt lan. Si bêt lan ta rive mouri yon ajan ki kalifye pou sa dwe fè yon konsta.

Atik 128 – Si ekplwatan pa t gentan kenbe bêt lan, l ap fè yo fè yon pwosè vèbal epi evalye dega yo nan ka sa ka itil.

Atik 129 – Si bêt lan paf è okenn dega, eksplwatan ap sèlman ka mande frè kapti ak frè li te gade bêt lan.

Atik 130 – Eksplwatan ki gen yon tèren bêt volay yo ta fè dega sou li ap ka touye yo, men se menm kote y ap fè dega eksplwatan gen dwa pou l touye yo.